

KALANDRIYE Aktivite

MPO	BPAC	BCCB	CIR	TCC
Me				
Jedi 10, 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 9, 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 1, 6:00 diswa Sal 430	Lendi 31, 2:00 diswa Sal 302
Jiyè				
Jedi 14, 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 13, 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 18, 2:00 diswa Sal 422	Madi 5, 6:00 diswa Sal 430	Lendi 25, 2:00 diswa Sal 302
Julio				
Jedi 12, 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 11, 6:30 diswa Room 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 3, 6:00 diswa Sal 430	Pa gen reyinyon
Out				
Pa gen Reyinyon	Mèkredi 8, 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	Lendi 27, 2:00 diswa Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès sa a: **Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi piblik la envite.**

Kisa Akwonim yo vle di

AADT	Mwayenn Trafik pou Chak Jou nan Lane a	DRI	Devlopman Enpak Rejyonal
APR	Rapò sou Rannman pou Lane a	EIS	Deklarasyon sou Enpak nan Anviwonman
APTA	Asosyasyon Transpò Piblik nan Etazini	EPA	Ajans pou Pwoteksyon Anviwonman
BPAC	Komite Konseye sou Kesyon Bisiklèt ak Pyeton	FAA	Direksyon Federal Avyasyon
BCCB	Konsèy Kowòdinasyon nan Broward County	FAC	Kòd Administratif pou Florid
BCT	Transpò nan Broward County	FCTD	Komisyon nan Florid pou Transpò Moun Pòv
BLC	Lig pou Vil nan Broward	FDOT	Depatman Transpò Florid
BUS	Navèt pou Lavil nan Broward	FHWA	Administrasyon Federal pou Granwout
CAAA	Amanman pou Lwa sou Pwòpte nan Lè a	FS	Règleman nan Florid
CBD	Distrik Santral pou Komès	FTA	Administrasyon Federal pou Transpò
CMA	Kontwòl Anbouteyaj	FY	Lane Fiskal
CIR	Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote	GIS	Sistèm Enfòmasyon Jeyografik
CMAQ	Rediksyon Anbouteyaj ak Kontwòl Kalite Lè	MPO	Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten
CMS	Sistèm pou Kontwòl Anbouteyaj	SEFTC	Komisyon sou Transpò nan Sidès Florid
CTC	Kowòdinatè pou Transpò Kominotè	TCC	Komite pou Kowòdinasyon Teknik
DCA	Depatman pou Okipe Zafè Kominote	UPRD	Depatman Planifikasyon ak Redevlopman pou Vil

Pou plis enfòmasyon, gade nan:

www.broward.org/mpo

Pou mande enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite pou Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan fòm an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou pibliye dokiman sa a, sa te koute \$1,400.00, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram Broward MPO yo.

Transportation Planning Division
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301



CHIMEN DEKOUPE

Volim 10, Nimewo 13

2zyèm Trimès 2007

MPO BROWARD COUNTY A ASISTE YON KONFERANS POU ANKOURAJE BON JAN KWASANS NAN BROWARD COUNTY



Yo te ankouraje moun nan piblik la poze konferansye yo kesyon.

sit"). Koridò sa a pral sèvi kolòn vètebral pou yon rezo transpò gwo kapasite ki pral genyen pi ta nan minisipalite a.

Jan pwojè pou transpò sa a pral kapab sèvi yon popilasyon ki pi varye etnikman ak sosyalman toujou nan koridò a, se posibilite li pral ba yo pou jwenn transpò pou ale nan gwo sant aktivite ekonomik yo, ak pou fè koneksyon avèk lòt mwayen transpò tankou avyon, tren, transpò sou wout, ak transpò nan bato ki genyen nan zòn la. Y ap òganize zòn kote pwojè a pral fèt la, pou fasilite plizyè kalite mwayen transpò, pou ranfòse vitalite ekonomik nan rejyon an, ak pou sipòte pwojè a.

Nan mèkredi 18 fevriye, ofisyèl Broward County yo te chwazi nan eleksyon yo, ansanm avèk pwofesyonèl nan devlopman ekonomik ak planifikasyon pou gouvènman, ak pwomotè prive, ak chèf antrepriz, ak rezidan yo te patisipe nan yon konferans gwo nivo ki te konsantre sou devlopman nan US 441/State Road (SR) 7.

Se Broward Alliance ki te prezante konferans sa a, ki te dire yon demi jounen, epi yo te rele "Nouvo Devlopman nan Broward County - Nouvo Refleksyon sou Devlopman nan yon Mache k ap Chanje". Konferans lan te fèt nan kanpis Nova Southeastern University a, nan Davie. Moun ki te pale yo, se ekspè ki te bay esplikasyon sou jan pou travay sou pwoblèm ak sou opòtinite devlopman yo, epi ki te konsantre sou istwa Koridò ki rele US 441/State Road 7 la, ak sou plan aktivite nan zòn sa a pou lontan.

Zòn US 441/SR-7 nan Broward County a se yon zòn ki gen anpil richès kiltirèl, ak moun ki soti nan plizyè gwoup etnik; li gen plizyè katye pòv ki nan diferan nivo reyabilitasyon pou devlopman. Se nan koridò sa a pifò transpò yo pase nan minisipalite a. Kounye a, pa gen ase otobis pou kantite moun ki bezwen transpò yo, epi ap gen plis demann pou transpò toujou.

Solisyon yo rekòmande a se yon plan imedyat pou amelyore transpò dapre bezwen popilasyon an genyen kounye a, epi kontinye pi devan ak yon lòt plan ki kapab mande plis tan, pou tabli yon koridò pou Transpò Rapid nan Otobis (BRT, ki vle di "Bus Rapid Tran-



Foto sa a montre Carole Rae Armstrong, ki se Majistra Plantation ak Vis Prezidan Broward MPO; li te fè yon diskou sou koridò State Road 7 la, ak sou istwa koridò a nan Vil ki rele Plantation an.

(kontinye nan paj 2...)

Nan Nimewo Sa a...

- Festival Istorik Sistrunk 2007
- Mesaj Chèmann lan voye
- Pran Breeze la
- Midtown Trolley nan Plantation
- Vizit 2007 pou Fè Kontak nan Lekòl yo
- 19yèm Festival Panyòl Anyèl

PRSR STD
US POSTAGE
PAID
FT. LAUDERDALE, FL
PERMIT #5450

"METE L NAN LARI A"



Pandan tout jounen an, pwofesyonèl nan planifikasyon transpò yo te resevwa kesyonè pou ankèt yo.


Festival Istori Sistrunk 2007

Nan 24 fevriye 2007, pou mwa ki rezève pou istwa Nwa yo, Fort Lauderdale te òganize youn nan pi bèl fèt nan Broward County, ki se Festival Istori Sistrunk 2007 la. Fèt la te komanse avèk yon parad ki te gen cha, majorèt, ak gwoup mizisyen ki defile sou boulva istori Sistrunk lan, epi ki fini avèk yon gwo selebrasyon nan Pak Reveran Samuel Delevoe.

Se atis Avant, ki fè anrejistremant sou platin, ki te pi gwo amizman pou ane sa a. Nan pami lòt amizman yo, te genyen atis hip/hop, rege, mizisyen R&B, ansanm avèk gwoup dans, ekip stèp, atis ak atizan, ansanm avèk anpil bon manje! Lòt distraksyon ki te genyen, se yon Vilaj Kids Corner ki te genyen yon kay ki ponpe, yon demonstrasyon kloun, pentire figi moun, epi yon zòn pou timoun jwe.

Broward MPO te la tou, avèk enfòmasyon yo te pote pou montre moun, epi pwofesyonèl nan planifikasyon transpò ki te pale avèk moun nan piblik la sou metòd planifikasyon transpò yo, epi yo te distribye yon kesyonè ankèt. Gen yon total 83 moun nan piblik la ki te patisipe nan ankèt la pandan jounen an.

Nan pami moun ki te patisipe nan ankèt la, genyen prèske 37 pousan ki reponn pi gwo enterè yo genyen nan transpò se mwayen transpò piblik, epi 36 pousan te reponn sa ki pi enterese yo se rezoud anbouteyaj nan trafik. Kòm lòt enterè moun yo te genyen, yo te nonmen sekirite ak finansman.



MESAJ CHÈMANN LAN VOYE

Daniel J. Stermer,
Chèmann MPO,
Komisè nan Vil Weston

Kòm moun yo fenk chwazi nan eleksyon kòm Chèmann Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten pou Broward la, mwen ta vle pwofite opòtinite sa a pou m di manm Konsèy Administrasyon Broward MPO yo, ak anplwaye yo mèsi. Se yon gwo onè pou mwen, dèske yo chwazi m pou pran siksesyon Majistra Richard Kaplan, ki fè yon gwo travay nan direksyon Broward MPO a, ak nan reyalyasyon l nan zòn lan, nan rejyon an, ak nan tout Eta a.

Mwen pral kontan anpil travay men nan men avèk Majistra Armstrong, ki se nouvo Vis

Chèmann lan, pou nou fè Broward MPO vin pi bon li ka rive ye, pou li fè anpil pwogrè, ak pou l reyisi nan objektif li genyen kounye a, ak nan lòt objektif li ka vin genyen pi ta. Volonte m, tankou volonte Majistra Kaplan, se pou fè dosye yo avanse nan yon direksyon ki pwodiktif, pandan n ap koute sa lòt moun gen pou yo di, pale ak lòt moun, epi tandè sa tout moun kwè ki bon. Se konsa nou kapab jwenn pi bon rezilta nan amelyorasyon Broward County, nan lavi rezidan yo, nan komès ki la, ak nan kondisyon vizitè yo ap jwenn.

Mwen pral kontan anpil reprezante Broward County nan wòl enpòtan sa a.

(... pou kontinye atik paj 1 an)

Duane Stiller, prezidan Woolbright Development, ki te youn nan konferansye sou kesyon tandans mache a ["Market Trends"], te bay yon apèsi optimis sou kesyon devlopman Broward ki mande travay pandan lontan yo, sa ki te bay asistans lan konfyans lè li te di "Florid se youn nan pi bon kote pou moun viv!". Nan lòt kesyon ki te antre nan diskisyon an, genyen vizyon ak reyalyte devlopman, ansanm ak prensip travay epi finansman.



Moun nan asistans lan te di kisa yo kwè ki pral rive pou plan travay nan koridò US 441/SR-7 la.

An plis diskou ekspè nan nivo lokal ak nasyonal yo, te gen yon ekspozisyon sou pwojè Vil la ak pwojè yo genyen kounye a ak pwojè yo pral genyen pi ta; nan pami kote ki te prezante pwojè sa yo, te genyen minisipalite Lauderhill, Davie, Lauderdale Lakes, Miramar, ak Margate.

PRAN BREEZE LA



Kounye a, Sèvis Limite Stop 441 an rele 441 Breeze

- Otobis la rete pran pasaje nan menm kote yo
- Gen nouvo pankat pou kote otobis la rete
- Otobis la vini pi souvan
- Gen yon nouvo kote otobis la rete pran pasaje nan Riverland Road

Yon Nouvo Imaj:

- Otobis "atikile" ki gen 60 pye longè
- "Swich" byen vizib sou kote otobis la

Pou plis enfòmasyon, ou mèt kontakte Broward County Transit nan nimewo 954-357-8400.

MIDTOWN TROLLEY NAN PLANTATION



Nan seremoni koupe riban an, Ilene Lieberman, ki se Komisè Broward County, te parèt ansanm ak Majistra Carole Armstrong ak Komisè Ted Mena (toulede manm Broward MPO), epi yo te kontre avèk Mèt Seremoni a, Jose Rose, ki nan NBC6, pou yo selebre inogirasyon Midtown Trolley nan Plantation.

Avèk inogirasyon Midtown Trolley a, vil Plantation an genyen kounye a yon lòt bon sèvis, anplis sa ki deja genyen nan bèl kote sa a, epi moun ap kapab jwenn yon nouvo mwayen pou yo "sikile lavil la". Midtown Trolley se yon veyikil ki gen lè kondisyon ak pasrèl pou fotèy woulan, ki fè transpò fasil ak san danje pou moun ki vle vizite katye lavil yo, pou ale nan magazen oswa nan travay, epi pou antre ak soti nan zòn Plantation an - SAN PEYE!

Nan jedi 2 fevriye, Rae Carole Armstrong, ki se Majistra Vil Plantation ak manm Konsèy Administrasyon Broward MPO a, te parèt ansanm ak Konsèy Kominal la, ak Konsèy Konsiltatif Plantation Midtown lan, epi ak manm kominote a pou yo fete nouvo sèvis sa a nan yon seremoni koupe riban ki te fèt nan Pine Island Park. Se Jose Rose, ki nan NBC6, ki te mèt seremoni nan fèt la.

Avèk nouvo sèvis Midtown Trolley a, Vil Plantation an kwè li pral posib pou diminye anbouteyaj yo, amelyore sikilasyon pou oto k ap antre ak soti nan distrik la, amelyore kalite lè a, ak ede depanse mwens gazolin. Malgre konfigirasyon klasik veyikil la, ak imaj etranj ki fè sonje ansyen veyikil ki mache ak kab yo, nouvo sistèm transpò a pral ofri yon altènativ modèn ak pwogresis pou sikilasyon veyikil.

Pou plis enfòmasyon, ou mèt ale nan adrès entènèt www.plantation.org oswa rele nan nimewo telefòn 954-797-2640.

VIZIT 2007 POU FÈ KONTAK NAN LEKÒL YO

Broward MPO ap kontinye sipòte pwogram kontak avèk elèv lekòl li a; li prevwa 6 prezantasyon lekòl pou ane akademik 2006-2007 la. Vizit pou fè kontak lekòl MPO pandan ane 2006-2007 la te komanse 23 mas nan Nova Dwight D. Eisenhower Elementary School, nan vil Davie.

Nan prezantasyon 30 minit sa a, te genyen leson enteresan ak entèaktif kote elèv yo te resevwa enfòmasyon sou planifikasyon transpò, pandan yo t ap sèvi avèk yon gwo oto ki rele Buddy ki mache ak yon telekòmman. Nan pwogram edikasyon an, yo te bay elèv Nova Dwight D. Eisenhower Elementary School yo leson sou planifikasyon transpò, ak sou karyè nan transpò, ak sou sekirite nan transpò.

Aprè sa, yo te fè yon lòt vizit nan lekòl la anko nan dat 30 mas, ki se lè anplwaye Broward MPO yo te kontwòle devwa yo te bay elèv yo fè lakay yo, sa ki te vle di kouman yo ta depanse \$100.00 pou sistèm transpò lokal nou an. Yo te mande elèv yo gade kouman yo ta depanse \$100.00 pou amelyore sistèm transpò a, dapre sa yo te kwè ki pi enpòtan. Nan pami opsyon yo te kapab chwazi pou sa, te genyen bati nouvo wout, amelyore sekirite wout yo, ak fè wout pou pyeton oubyen pou bisiklèt.

Gira "School Outreach" 2007:

-  Nova Dwight D. Eisenhower Elementary
-  Coconut Creek Elementary
-  Winston Park Elementary
-  Quiet Waters Elementary
-  Tradewinds Elementary
-  Hollywood Park Elementary



Se Winston Park Elementary ki bay Kat Remèsiman sa yo.

"METE L NAN LARI A"



Anplwaye Broward MPO yo te reponn kesyon piblik la sou zafè transpò.

19yèm Festival Panyòl Anyèl

Rezidan nan kominote Pembroke Pines yo, ansanm ak moun nan zòn 3 minisipalite ki abitye ale nan selebrasyon yo, te vini nan Pembroke Pines Community Center samdi 17 mas pou Festival Panyòl 2007 la.

Pou 19yèm ane l, festival anyèl sa a, Hispanic Unity of Florida te òganize a, te fete kilti ak tradisyon panyòl; se festival panyòl sa a ki pi ansyen nan Broward County.

Nan aktivite ane sa a, te genyen enfòmasyon Broward MPO te ekspoze yo, ansanm ak pwofesyonèl nan planifikasyon transpò ki te mennen yon ankèt epi ki te pale avèk moun ki te vini nan festival la, sou pwosedi planifikasyon transpò pou minisipalite a ak pou rejyon an.

Te genyen tou bon manje latino, ak dans salsa, travay atis ak atizan, distraksyon pou timoun, epi mizisyen latino ki te jwe sou 2 teyat; nan pami mizisyen sa yo, te genyen El Gran Combo, Jorge Celedon, ak Tobby Love.

Ekip Broward MPO a te ranmase kesyonè 98 moun pou ankèt li a pandan fèt la. Nan moun ki te reponn kesyonè a, prèske 50% te deklare se anbouteyaj nan trafik ki pi gwo pwoblèm yo sou kesyon transpò a. Lòt pwoblèm yo te genyen, se bezwen pou pi bon sistèm transpò piblik nan minisipalite a, epi pri otobis ki twò wo.